**Jesu anonyaradza Vadzidzi Vake**

Johani 14:1-3

Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika.
Tendai kuna Mwari; mutendewo kwandiri.
2Mumba maBaba vangu mune nzvimbo
zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo,
ndingadai ndakuudzai. Ndiri kuenda ikoko
kundokugadzirirai nzvimbo. 3Uye kana
ndikaenda kundokugadzirirai nzvimbo,
ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni,
kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri.

Ruka 15:3-7

3Ipapo Jesu akavaudza mufananidzo uyu
akati, 4"Ndianiko pakati penyu kana ane
makwai zana, rimwe racho kana rikarasika,
asingasiyi makumi mapfumbamwe
namapfumbamwe kumafuro achindotsvaka
gwai rakarasika kusvikira ariwana? 5Uye
kana ariwana, anoritakura pamapfudzi ake
nomufaro 6agoenda kumba. Ipapo anodana
shamwari dzake navavakidzani pamwe chete
agoti kwavari, 'Farai pamwe chete neni nokuti
ndawana gwai rangu rakanga rarasika.'
7Ndinoti kwamuri, saizvozvo mufaro mukuru
uchava kudenga pamusoro pomutadzi mumwe
chete anenge atendeuka, kupfuura pamusoro
pavakarurama makumi mapfumbamwe
navapfumbamwe vasingatsvaki kutendeuka.

**Mufananidzo weMari Yakarasika**

Ruka 15:8-10

8"Ndoupiko mukadzi ane mari yamasirivha
anokwana gumi uye akarasikirwa neimwe chete
angarega kubatidza mwenje, agotsvaira imba
uye agotsvakisisa kusvikira aiwana here? 9Uye
paanenge aiwana, achadana shamwari dzake
navavakidzani agoti kwavari, 'Farai pamwe
chete neni, ndawana mari yangu yakanga
yarasika.' 10Saizvozvo, ndinoti kwamuri, pano
mufaro pamberi pavatumwa vaMwari pamusoro
pomutadzi mumwe chete anotendeuka."

**Jesu anonyaradza Vadzidzi Vake**



"Farai pamwe chete neni nokuti ndawana gwai rangu rakanga rarasika." Ruka 15:6

**40-46 Heaven**

*www.GodsPeopleStudy.org*
*Bible Verses are Shona:*
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*



“Farai pamwe chete neni nokuti ndawana gwai rangu rakanga rarasika.” Ruka 15:6